



Seksyon: Aksè Pasyan

Sijè: Anrejistremen Pasyan

I. Objektif

Pou etabli machaswiv pou anrejistre pasyan nan Jackson Health System (JHS) ak lòt antite ki lye ak òganizasyon an, nan yon fason ki asire entegrite done ak revni yo, ankouraje satisfaksyon pasyan, epi fasilite fonksyonman. Y ap egzekite pwosedi yo dapre règleman administratif JHS yo, machaswiv EMTALA, ak tout lòt kritè règleman yo.

II. Definisyon

Nimewo Rankont: Yon ekspresyon souvan yo konn rele Nimewo Idantifikasyon Finansye (Financial Identification Number, FIN); yon nimewo yo deziyen pou chak epizòd swen pou yon Nimewo Dosye Medikal (Medical Record Number, MRN) espesifik.

Jesyon Anrejistremen Antrepriz (Enterprise Registration Management, ERM): Teknoloji ki itilize pou anrejistre done demografik, finansye ak klinik pou pasyan an.

Nimewo Dosye Medikal (Medical Record Number, MRN): Yon valè dijital inik yo deziyen pou anrejistre antesedan medikal yon pasyan.

III. Pwosedi

- A. Kreyasyon Nimewo Dosye Medikal pasyan yo ak Nimewo Rankont yo
1. Espesyalis Finans Pasyan an oswa reprezantan li pral chèche yon pasyan dapre youn nan kritè sa yo pou detèmine si pasyan an deja gen yon dosye medikal (MRN) pou evite gen doub dosye.
 - a. Nimewo Sekirite Sosyal
 - b. Non ak Dat Nesans ankontan opsyon rechèch pou varyasyon nan non, egzanp
 - i. Non fanmi, inisyal Prenon ak dat nesans
 - ii. 3 premye lèt nan non fanmi ak dat nesans
 - iii. Premye lèt nan non fanmi, prenon, ak dat nesans
 2. Si yo te mete yon MRN anplas apati yon ansyen vizit, Espesyalis Finans Pasyan an oswa reprezantan li pral fè entèvyou ak pasyan an oswa reprezantan pasyan an, si li disponib, epi mete enfòmasyon kote li rete ansanm ak finansye yo ajou si sa nesèsè. Pou ka dijans, kritik, obstetrik ak twomatis: yo pral kòmanse mande enfòmasyon finansye lè yo fin egzamine ak ospitalize yon pasyan sou plan medikal dapre machaswiv EMTALA. Nan ka kote pasyan an pa reyaji oswa li pa kapab bay enfòmasyon, Espesyalis Finans Pasyan an oswa reprezantan li ka fè anrejistremen pasyan an dapre Règleman JHS 400.045 – Sekirite Idantifikasyon Pasyan ak 400.014 – Idantifikasyon Pasyan Enkoni pou etabli yon rankont pou tretman rapid.
 3. Sipleman ED/Twoomatis/Sante Konpòtmantal: Pèsonèl klinik la pral aktive “senbòl kle” a nan Cerner lè egzamen tè depistaj medikal (Medical Screening Examination, MSE) la fin fèt. “Senbòl kle” a endike pou Espesyalis Finansye Pasyan an oswa reprezantan li lanse aktivite konpansasyon finansye dapre machaswiv EMTALA yo.
- B. Verifikasyon Enfòmasyon Demografik
1. Aksè Pasyan an la pou evite move itilizasyon entansyonèl oswa envolontè ak non, idantite, epi dosye medikal pasyan yo. Tout zòn anrejistremen yo pral mande yon kat idantite ak foto ki valab yon ajans leta nan rejyon an, Eta oswa federal bay; egzanp yon lisans chofè, paspò oswa idantifikasyon militè. Nan sikonstans kote idantifikasyon an pa disponib, yo pa ka refize



Seksyon: Aksè Pasyan

Sijè: Anrejistreman Pasyan

bay swen nan ka ijans poutèt pa gen kat idantite a. Manm estaf Aksè Pasyan an ap eskane kat idantite yo bay nan aplikasyon nimerizasyon dokiman.

IV. Referans

Règleman JHS Nimewo 400.014 – Idantifikasyon Pasyan Enkoni
 Règleman JHS Nimewo 400.045 – Sekirite Idantifikasyon Pasyan

Moun ki Responsab: Direktè Jeneral Aksè Pasyan
 Sik Revni- Pwogram Swen San Konpansasyon

Komite Egzamen: Pa Aplikab

Otorizasyon: Chèf Depatman